



AKSIDAN NAN IZIN KOURAN NIKLEYÈ

Izin kouran nikleyè genyen pwosedi site ak sekirite anplas epi yo anba gwo siveyans Komisyon Reglementasyon Nikleyè a (Nuclear Regulatory Commission, NRC). Yon aksidan nan yon izin kouran nikleyè ka koze nivo radyasyon danjere nan yon zòn (yo rele pafwa yon panach).



Kisa ki se prensipal danje nan aksidan izin kouran nikleyè?

Materyo radyoaktif nan panach la ki soti nan izin kouran nikleyè a ka tabli epi kontamine moun ki deyò, biling, manje, dlo ak betay.



Materyo radyoaktif ka rantre tou nan kò yon moun lè li respire l, oswa manje oswa bwè yon bagay ki kontamine.

Moun kap viv pre izin kouran nikleyè epi ki espoze nan radyasyon kapab sibi efè alontèm sou sante yo tankou kansè.

Kisa mwen ta dwe fè pou pwoteje tèt mwen pandan yon aksidan izin kouran nikleyè?

Si w abite toupre yon izin kouran nikleyè ou ka jwenn materyèl enfòmasyon pou ijans nan konpayi kouran kap jere izin kouran nikleyè zòn lan oswa nan biwo sèvis ijans zòn lan.



U.S. Department of
Health and Human Services
Centers for Disease
Control and Prevention

<http://emergency.cdc.gov/radiation>